

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, jeung analisis data.


3.1 Desain Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode kuantitatif ngaliwatan pamarekan kuasi ékspérimén. Métode kuasi ékspérimén dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun mikanyaho ngaronjat atawa henteuna pangajaran nulis iklan layanan masarakat sabada ngagunakeun média *photostory* ka siswa Kelas VII B SMP Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2017/2018.

Nurutkeun Arikunto (2013, kc.123) desain kuasi ékspérimén aya tilu rupa nyaéta (1) *one shot study*; (2) *pretest-posttest*; (3) *static group comparison*. Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta *one group pretest-posttest*. Ieu panalungtikan dilakukeun ku cara méré *pretest* tuluy dibéré *treatment* pikeun ngalatih kamampuh siswa dina pangajaran nulis iklan layanan masarakat ngagunakeun média *photostory*, tuluy diayakeun *posttest*. Desain ieu panalungtikan digambarkeun di handap.

Tabél 3.1

Desain Panalungtikan



(Sanjaya, 2013, kc. 103)

Keterangan:

O_1 : *Pretest* (kamampuh nulis iklan layanan masarakat saméméh ngagunakeun *photostory*)

X : *Treatment* (pangajaran nulis ILM ngagunakeun média *photostory*)

O_2 : *Posttest* (kamampuh nulis iklan layanan masarakat sabada ngagunakeun *photostory*)

Saluyu jeung tujuan panalungtikan, ieu desain digunakeun pikeun ngukur média *photostory* dina kamampuh nulis iklan layanan masarakat siswa kelas VII B SMP Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2017/2018.

Leni Anggraeni, 2018

MÉDIA PHOTOSTORY DINA PANGAJARAN NULIS IKLAN LAYANAN MASYARAKAT

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.2 Sumber Data

Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VII B SMP Laboratorium Percontohan UPI tahun ajar 2017/2018 anu jumlahna aya 26 siswa. Jumlah siswa awéwé 12 jalma sedengkeun lalakina 14 jalma. Dipilihna kelas VII B téh lantaran siswana kurang minat kana pangajaran nulis, utamana pangajaran iklan layanan masarakat.

Tabél 3.2
Jumlah Siswa Kelas VII B SMP Laboratorium Percontohan UPI

Jenis Kelamin	Jumlah Siswa
Lalaki	14
Awéwé	12
Jumlah	26

3.3 Instrumen Panalungtikan

Instrumen anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta lembar tes. Tes dilakukeun dua kali nyaéta saméméh (*pretest*) jeung sabada (*posttest*). *Pretest* dilakukeun pikeun ngukur kamampuh siswa saméméh ngagunakeun média *photostory*, sedengkeun *posttest* dilakukeun pikeun ngukur kamampuh siswa sabada ngagunakeun média *photostory*.


Tés dilaksanakeun dina wangun tulisan jeung paréntah. Siswa kudu niténan kriteria anu rék dipeunteun. Nurutkeun Nurgiyantoro (2001, kc. 441) nyebutkeun yén dina nangtukeun kriteria meunteun kudu merhatikeun indikator anu rék dihontal, lantaran jadi cecekalan sarta arah dina proses pangajaran.

Dumasar indikator anu rék dihontal siswa kudu niténan aspék nulis di antarana eusi, organisasi eusi, adegan basa, kosa kecap, éjahan, jeung karapihan (Nurgiyantoro, 2008, kc. 8). Ieu dihandap soal téns anu dipaké dina panalungtikan.

SOAL TES NULIS IKLAN LAYANAN MASARAKAT	
Pangajaran	: Basa Sunda
Kelas	:
Poé, ping,	:
Pék ku hidep jieun hiji iklan layanan masyarakat dina kertas nu geus disadiakeun, kalawan niténan katangtuan ieu di handap!	
1. Pilih salah sahiji topik iklan layanan masyarakat, anu pilihana;	
a. runtah	
b. solat	
c. kabersihan leungeun	
2. Jieun iklan layanan masyarakat ngeunaan topik kalawan niténan unsur-unsur iklan layanan masyarakat, jeung kaidah-kaidah iklan séjénna.	

3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan kawilang penting dina panalungtikan, lantaran dina prosedur panalungtikan nétélakeun léngkah-léngkah anu bakal dilaksanakeun ku panalungtik. Pamarekan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kuantitatif anu ngagunakeun métode kuasi ékspérimen, desain anu dipaké nyaéta ngagunakeun *pretest-posttest*. Prosedur ieu panalungtikan dijéntrékeun ngaliwatan bagan di handap.



Bagan 3.1
Prosedur Panalungtikan

Sangkan leuwih jéntré, prosedur panalungtikan bakal di-tétélakeun di handap.

1) Idéntifikasi Masalah

Saméméh ngalaksanakeun panalungtikan. Panalungtik ngayakeun wawancara jeung Guru Bahasa Sunda SMP Laboratorium Percontohan UPI ngeunaan masalah anu karandapan ku siswa saluyu jeung kompetensi dasar kurikulum 2013 dina pangajaran basa Sunda. Masalah anu karandapan nyaéta pangajaran nulis iklan layanan masarakat.

2) Ngarumuskeun Masalah

Sabada ngaidéntifikasi masalah, panalungtik ngarumuskeun masalah dumasar pasualan anu karandapan nyaéta kamampuh nulis iklan layanan masarakat kelas VII SMP Laboratorium Percontohan UPI.

3) Raraga Tiori

Sabada ngarumuskeun masalah, panalungtik ngumpulkeun tiori pikeun ngungkulan masalah anu karandapan. Salasahijina ngeunaan média *photostory* jeung iklan layanan masarakat.

4) Ngarumuskeun Hipotésis

5) Ngarumuskeun Instrumén Panalungtikan

6) Ngumpulkeun Data (*pretest, treatment, posttest*)

Sanggeus kapanggih masalah anu aya di SMP Laboratorium Percontohan UPI kelas VII B taun ajar 2017/2018, tuluy panalungtikan ka kelas. Fungsina pikeun ngumpulkeun data. Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Tés dilakukeun dua kali, nyaéta tés awal jeung tés ahir. Tés awal dilakukeun saméméh *treatment*, tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh nulis iklan layanan masarakat saméméh ngagunakeun média *photostory*, sedengkeun tés ahir dilaksanakeun sabada *treatment* anu tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina pangajaran nulis iklan layanan masarakat. Bédana kamampuh nulis iklan layanan masarakat anu dipimilik ku sumber data saméméh jeung sabada *treatment* bisa katitén dina babandingan skor *pretest* jeung *posttest* ngaliwatan ieu panalungtikan.

7) Analisis Data

Data anu geus aya nyaéta data *pretest* jeung *posttest*. Dina ieu tahap, panalungtik miboga pancén pikeun nganalisis data ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik.

8) Nyusun Laporan Panalungtikan

Sanggeus tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung ngaanalisis data, panalungtik nyusun laporan panalungtikan tina sakabéh proses anu geus dilaksanakeun salila panalungtikan.

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Tés nya éta runtuyan patalékan atawa latihan atawa alat séjén anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegensi, jeung kamampuh atawa bakat anu aya dina diri individu atawa kelompok (Misbahudin, 2013, kc. 17). Dina ieu panalungtikan, tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh saméméh jeung kamampuh sabada hasil diajar nulis iklan layanan masarakat ngagunkeun média *photostory*.

Tehnik tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun ngumpulkeun data anu baris dianalisis ngeunaan média *photostory* dina panagajaran nulis iklan layanan masarakat.

3.6 Analisis Data

3.6.1 Téhnik Ngolah data

Téhnik ngolah data mangrupa kagiatan ngaanalisis jeung ngolah data. Kagiatan ngaanalisis jeung ngolah data minangka cara anu digunakeun pikeun nyangking jawaban tina pasualan dina ieu panalungtikan. Ngolah data miboga tujuan pikeun mikanyaho hasil tina *pretest* jeung *posttest*.

Léngkah-léngkah tina téhnik ngolah data nyaéta:

- 1) mariksa hasil *pretest* jeung *posttest* nulis iklan layanan masarakat ngagunakeun pedoman kriteria menteun nulis iklan layanan masarakat;

Tabél 3.3

Pedoman Penskoran Kamampuh Nulis Iklan Layanan Masarakat

Aspék Penilaian	Skor
Eusi	5 hadé pisan 4 hadé 3 cukup 2 kurang 1 kurang pisan

Leni Anggraeni, 2018

MÉDIA PHOTOSTORY DINA PANGAJARAN NULIS IKLAN LAYANAN MASYARAKAT

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Aspék Penilaian	Skor
Organisasi Eusi	5 hadé pisan 4 hadé 3 cukup 2 kurang 1 kurang pisan
Adegan Basa	5 hadé pisan 4 hadé 3 cukup 2 kurang 1 kurang pisan
Kosa Kecap	5 hadé pisan 4 hadé 3 cukup 2 kurang 1 kurang pisan
Éjahan	5 hadé pisan 4 hadé 3 cukup 2 kurang 1 kurang pisan
Karapihan	5 hadé pisan 4 hadé 3 cukup 2 kurang 1 kurang pisan
Nilai total	

Tabél 3.2

Kriteria Menteun Nulis Iklan Layanan Masyarakat

No	Aspék	Skor	Kriteria
1.	Eusi	5	Hadé pisan: eusi ngirut pisan pamaca, ngawengku salasihiji fungsi iklan (<i>persuasi/informasi/reminder</i>), gagasan diébréhkeun jéntré, padet, ngaruntuy sacara rapih, logis jeung kohesif.
		4	Hadé: eusi ngirut pamaca, ngawengku salasihiji fungsi iklan (<i>persuasi/informasi/reminder</i>), gagasan diébréhkeun jéntré, padet, ngaruntuy sacara rapih, logis jeung kohesif.
		3	Cukup: eusi rada ngirut pamaca, ngawengku salasihiji fungsi iklan (<i>persuasi/informasi/reminder</i>), gagasan diébréhkeun jéntré, padet, ngaruntuy sacara rapih, logis jeung kohesif.
		2	Kurang: eusi kurang ngirut pamaca, ngawengku salasihiji fungsi iklan (<i>persuasi/informasi/reminder</i>), gagasan diébréhkeun kurang jéntré, jeung kurang logis.
		1	Kurang pisan: eusi teu ngirut, ngawengku salasihiji fungsi iklan (<i>persuasi/informasi/reminder</i>), gagasan kurang jéntré, jeung kurang logis.
2.	Organisasi Eusi	5	Hadé pisan: struktur teks ngawengku opat aspek aya judul, subjudul, eusi jeung ilustrasina nyambung sarta kréatif.
		4	Hadé: struktur teks ngawengku opat aspek aya judul,

Leni Anggraeni, 2018

MÉDIA PHOTOSTORY DINA PANGAJARAN NULIS IKLAN LAYANAN MASYARAKAT

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No	Aspék	Skor	Kriteria
			subjudul, eusi, jeung ilustrasina nyambung sarta rada kréatip.
		3	Cukup: struktur teks ngawengku tilu aspek boh judul, subjudul, eusi, jeung ilustrasina nyambung sarta teu kréatip.
		2	Kurang: struktur teks ngawengku dua aspek boh judul, subjudul, eusi, jeung ilustrasina rada nyambung sarta teu kréatip.
		1	Kurang pisan: struktur teks ngawengku dua aspek boh judul, subjudul, eusi, jeung ilustrasina teu nyambung sarta teu kréatip.
3.	Adegan Basa	5	Hadé pisan: ngawasa pisan tata basa, saeutik kasalahan dina ngagunakeun jeung nyusun kalimah sarta kekecapan.
		4	Hadé: konstruksina basajan tapi efektif, saeutik kasalahan tata basa, teu ngaleungitkeun ma'na.
		3	Cukup: cukup dina ngagunakeun jeung nyusun kalimah basajan, aya sababaraha kasalahan tata basa, teu ngaleungitkeun ma'na.
		2	Kurang: hesé dina ngagunakeun jeung nyusun kalimah basajan, kasalahan tata basa, ma'na teu puguh.
		1	Kurang pisan: teu ngawasa kana aturan sintaksis loba kasalahan tata basa, teu komunikatif, teu cukup pikeun diajén.
4.	Kosa Kecap (diksi)	5	Hadé pisan: milih kecap jeung ngébréhkeun kecap na merenah, ngirut sarta ngawasa pisan pangwangun kecap.
		4	Hadé: milih kecap jeung ngébréhkeun kecap na merenah, rada ngirut sarta kurang ngawasa kana pangwangun kecap.
		3	Cukup: milih kecap jeung ngébréhkeun kecapna cukup merenah, rada ngirut sarta kurang ngawasa kana pangwangun kecap.
		2	Kurang: kawatesan dina milih kekecapan sarta maké kosa kecapna aya nu salah nepi ka ngabalukarkeun salah ma'na sarta kurang ngirut.
		1	Kurang pisan: asal-asalan dina milih kekecapan, kurang pangaweruh ngeunaan kosa kecap atawa kurangna kabeungharan kecap, teu cukup pikeun diajén.
5.	Éjahan/ Mekanika	5	Hadé pisan: sampurna, maham pisan kana aturan panulisan, euweuh kasalahan dina éjahan.
		4	Hadé: maham, kadang salah éjahan tapi teu ngarobah ma'na.
		3	Cukup: cukup maham, aya sababaraha kasalahan dina éjahan, tapi teu ngarobah ma'na.
		2	Kurang: Kurang maham, loba salah éjahan, sarta ngarobah ma'na.
		1	Kurang pisan: teu maham pisan, loba pisan kasalahan éjahan, sarta ngarobaah ma'na.
6.	Karapihan	5	Hadé pisan: sampurna, bisa ngaruntuykeun tulisan, jelas ngagunakeun huruf dina tulisan sarta ilustrasina ngirut.

Leni Anggraeni, 2018

MÉDIA PHOTOSTORY DINA PANGAJARAN NULIS IKLAN LAYANAN MASYARAKAT

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No	Aspék	Skor	Kriteria
		4	Hadé: maham, bisa ngaruntuykeun tulisan tapi aya kasalahan ngagunakeun huruf dina tulisan sarta ilustrasina rada ngirut.
		3	Cukup: cukup maham, cukup bisa ngaruntuykeun tulisan, tapi loba kasalahan ngagunakeun huruf dina tulisan sarta ilustrasina cukup ngirut.
		2	Kurang: kurang maham, kurang bisa ngaruntuykeun tulisan, loba kasalahan ngagunakeun huruf dina tulisan sarta ilustrasina kurang ngirut.
		1	Kurang pisan: teu maham, teu bisa ngaruntuykeun tulisan sarta kurang pisan dina ngagunakeun huruf sacara jelas sarta ilustrasina teu ngirut.

Nurgiyantoro (2001, kc. 441; 2008, kc. 12)

- 2) méré peunteun nulis iklan layanan masarakat ngagunakeun pedoman kriteria menteun nulis iklan layanan masarakat, kalawan ngagunakeun rumus;

$$P = \frac{\sum skor\ siswa}{\sum skor\ maksimal} \times 100$$

Katerangan: P = peunteun
 $\sum skor\ siswa$ = jumlah peunteun Siswa
 $\sum skor\ siswa$ = jumlah peunteun maksimal

- 3) Ngasupkeun peunteun *pretest* jeung *posttest* nulis iklan layanan masaraka

Peunteun Tés Nulis Iklan Layanan Masarakat

No.	NAS	Peunteun <i>Pretest</i>						P	K	Peunteun <i>Posttes</i>						P	K
		A	B	C	D	E	F			A	B	C	D	E	F		
1																	
2																	

Katerangan

NAS: nomor absén siswa

A : eusi

B : organisasi

C : adegan basa

D : kosa kecap

E : éjahan

F : karapihan

P : peunteun

K : kategori

3.6.2 Uji Sipat Data

Dina nguji sipat data ngawengku uji normalitas jeung uji homogénitas. Ieu dihandap léngkah-léngkah nguji sipat data.

3.6.2.1 Uji Normalitas Data

Uji normalitas dina ieu panalungtikan pikeun ngayakinkeun yén data anu dibeunangkeun tina hasil *pretest* jeung *posttest* téh normal. Uji normalitas ieu ngagunakeun *uji chi kuadrat* (x^2). Ieu dihandap léngkah-léngkah dina nguji normalitas data.

- 1) Nangtukeun peunteun panggedéna jeung pangleutikna
- 2) Ngitung rentang (r) ngagunakeun rumus ieu dihandap

$$r = \text{peunteun panggedéna} - \text{peunteun pangleutikna}$$

(Sudjana, 2005, kc. 91)

- 3) Nangtukeun Jumlah kelas (k)

$$K = 1 - 3,3 \log n$$

Keterangan: k : lobana kelas
 n : lobana data
 3,3 : bilangan konstan

(Sudjana, 2005, kc. 47)

- 4) Nangtukeun panjang kelas (p)

$$p = \frac{r}{k}$$

Keterangan: p : panjang kelas (interval kelas)
 r : rentang (jangkauan)
 k : lobana kelas

(Sudjana, 2005, kc. 47)

- 5) Nyieun tabél frékuénsi distribusi

No	Kelas Interval	f_1	x_1	x_1^2	$f_1 x_1$	$f_1 x_1^2$
1						
2						

(Sudjana, 2005, kc. 91)

- 6) Ngitung rata-rata peunteun (*mean*) *pretest* jeung *posttest* kalayan ngagunakeun rumus ieu di handap.

$$\bar{x} = \frac{\sum f_1 x_1}{\sum f_1}$$

Leni Anggraeni, 2018

MÉDIA PHOTOSTORY DINA PANGAJARAN NULIS IKLAN LAYANAN MASYARAKAT

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Keterangan:

\bar{x} : rata-rata

Σ : jumlah

f_1 : jumlah data

x_1 : nilai tengah

(Sudjana, 2005, kc. 70)

7) Ngitung standar deviasi

$$s_d = \sqrt{\frac{n(f_1 x_1)^2 - (\Sigma f_1 x_1)^2}{n(n-1)}}$$

Keterangan:

s_d : standar deviasi

n : jumlah

$(f_1 x_1)^2$: jumlah frékuénsi nilai

(Sudjana, 2005, kc. 67)

8) Ngitung frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspétasi, carana nyaéta

Nyieun tabél frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspétasi

Tabél 3.3
Format Frékuénsi jeung Format Ékspétasi

Kelas interval	O_i	B_k Handap	B_k Luhur	Z_{itung}	Z_{tabel}	L	E_i	$\frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$

(Sudjana, 2005, kc. 273)

Keterangan:

O_i : frékuénsi observasi

BK : batas kelas

Z_{itung} : transformasi normal standar
bebas kelas

L : lega kelas interval

E_i : frékuénsi ekspétasi

x^2 : *chi kuadrat*

a. Nangtukeun O_i (frékuénsi observasi), nyaéta lobana data au asup kana hiji kelas interval

b. Nangtukeun batas kelas interval

$$B_k \text{ luhur} = \text{interval} + 0,5$$

$$B_k \text{ handap} = \text{interval} - 0,5$$

c. Ngitung Z_{itung}

$$Z_{itung} = \frac{(BK - x)}{s_d}$$

(Sugiyono, 2013, kc.80)

Leni Anggraeni, 2018

MÉDIA PHOTOSTORY DINA PANGAJARAN NULIS IKLAN LAYANAN MASYARAKAT

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

d. Nangtukeun Z_{tabel}

Ngitung lega kelas interval (L)

$$L = Z_{tabel1} - Z_{tabel2}$$

(Sugiyono, 2013, kc.80)

e. Ngitung frékuénsi ékspétasi

$$E_i = n \times L$$

(Sugiyono, 2013. Kc. 81)

f. Nangtukeun *chi kuadrat*

$$\chi^2 = \sum \frac{(oi - Ei)^2}{Ei}$$

(Sugiyono, 2013, kc. 81)

g. Nangtukeun darajat kabébasan

$$dk = k - 3$$

(Sugiyono, 2013, kc. 81)

h. Nangtukeun harga χ^2 tabel

Nangtukeun normalitas ngagunakeun kritéria ieu dihandap:

Lamun $\chi^2_{itung} \leq \chi^2_{tabel}$, hartina data distribusi normal.

Lamun $\chi^2_{itung} \geq \chi^2_{tabel}$, hartina data distribusi teu normal.

3.6.2.2 Uji Homogénitas

Uji homogenitas dilakukeun pikeun mikanyaho homogén henteuna data tina variasi anu sarua. Léngkah-léngkah pikeun nangtukeun homogénitas nyaéta saperti ieu di handap.

1) Ngitung variasi masing-masing kelompok

a. Variasi *pretest*

$$S_1 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i x_i)^2}{n(n-1)}$$

b. Variasi *posttest*

$$S_2 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i x_i)^2}{n(n-1)}$$

(Sugiyono, 2013, kc. 57)

2) Ngitung harga variasi (F)

$$F = \frac{\text{variasi anu leuwih gedé}}{\text{variasi anu leuwih leutik}}$$

(Sugiyono, 2013, kc. 140)

3) Ngitung darajat kabébasan (dk)

$$dk = n - 1$$

(Arikunto, 2013, kc. 360)

4) Nangtukeun homogen henteuna data dumasar kana kriteria ieu dihandap.

$F_{itung} > F_{tabel}$ hartina data teu homogén.

$F_{itung} < F_{tabel}$ hartina data homogén.

3.6.2.3 Uji Gain

Uji gain dilaksanakeun pikeun nangtukeun naha aya béda anu signifikan antara hasil tés awal jeung tés ahir. Hasil tina uji gain jadi gambaran ngeunaan média *photostory* dina pangajaran nulis iklan layanan masarakat siswa kelas VII B SMP Laboratorium Percontohan UPI.

Tabél 3.3

Uji Gain (D)

Tingkat Kamampuh Siswa Nulis Iklan Layanan Masarakat
Ngagunakeun Média *photostory*

NAS	Nulis														D	d^2
	Pretest							Posttest								
	A	B	C	D	E	F	P	A	B	C	D	E	F	P		

3.6.2.4 Uji Hipotésis

Hipotésis nyaéta jawaban ahir dina masalah panalungtikan anu diuji bebeneranna sacara émpiris (Sanjaya, 2013, kc. 289). Dina uji hipotésis aya dua cara. Kahiji, saupama data hasil uji normalitas nuduhkeun yén éta data miboga distribusi data anu normal, dina nguji éta data hipotésisna ngagunakeun statistik

Leni Anggraeni, 2018

MÉDIA PHOTOSTORY DINA PANGAJARAN NULIS IKLAN LAYANAN MASYARAKAT

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

parametis kalawan ngagunakeun uji t-tés. Kadua, suapama data hasil uji normalitas téh datana teu normal, hipotésisna ngagunakeun statistik *non parametis* kalawan ngagunakeun *uji Wilcoxon*.

Statistik paramétis digunakeun nalika data miboga distribusi anu normal. Léngkah-léngkah dina statistik paramétis nyaéta saperti ieu di handap.

1) Ngitung *mean* (rata-rata) antara hasil *pretest* jeung *posttest*.

$$Md = \frac{\sum d}{n}$$

(Arikunto, 2013, kc. 350)

2) Ngitung darajat kabébasan (dk);

$$dk = n - 1$$

(Sudjana, 2005, kc. 293)

3) Ngitung jumlah kuadrat déviiasi;

$$\sum x^2d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

(Arikunto, 2013, kc. 351)

4) Ngitung t, rumus nya éta;

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2d}{n(n-1)}}}$$

Keterangan

t : tés signifikasi

Md : rata-rata (*mean*) antara hasil awal jeung ahir

$\sum x^2d$: jumlah kuadrat déviiasi

n : jumlah subjek

(Arikunto, 2013, kc. 350)

5) Ditarima henteuna hipotésis dumasar kana kriteria-kritéria ieu di handap.

a. Lamun $t_{itung} > t_{tabel}$ hartina hipotésis ditarima, yén aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis iklan layanan masarakat saméméh jeung sabada ngagunakeun média *photostory* ka siswa kelas VII SMP taun ajar 2017/2018.

b. Lamun $t_{itung} < t_{tabel}$ hartina hipotésis ditolak, yén teu aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis iklan layanan masarakat saméméh jeung sabada ngagunakeun média *photostory* ka siswa kelas VII SMP taun ajar 2017/2018.